



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI REPREZAY KONT CHOFÈ K AP KONDUI AK KAPASITE AFEBLI YO PANDAN FÈT SEN PATRIK LA

Lapolis Eta a ak fòs de lòd lokal yo pral mennen kontwòl DWI espesyal soti 17 mas rive 19 mas

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Lapolis Eta New York la ak fòs lòd lokal yo pral ogmante patwouy yo pou lite kont moun k ap kondui tou sou, ak kapasite afebli epi san pridans pandan selebrasyon Fèt Sen Patrik la k ap kòmanse wikenn sa a. Egzèsis espesyal sou kontwòl nan sikilasyon an, ki finanse atravè Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Traffic Safety Committee, GTSC), ap kòmanse nan vandredi 17 mas 2023 epi kontinye rive dimanch 19 mas 2023.

Padan peryòd kontwòl la, chofè yo ka atann yo pral rankontre patwouy DWI ak pwen kontwòl adisyonèl pou verifye si tèt moun yo klè. Lapolis Eta a pral egalman bay kontravansyon a chofè distrè yo k ap itilize yon aparèy elektwonik pòtatif pandan y ap kondwi yo epi pral reyalize verifikasyon nan etablisman vant an detay yo ki sible konsomasyon alkòl minè ak vant ilegal bay minè pandan kanpay la.

"Mesaj nou an klè: Si w ap planifye selebre Fèt Sen Patrick la avèk alkòl, fè aranjman pou pran woulib san danje pou ale lakay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Trajedi ke kondui ak kapasite afebli lakòz se bagay ki ka evite si nou tout mete sekirite an premye. Nou gen zewo tolerans pou kondwit ak kapasite afebli, epi mwen remèsye Lapolis Eta nou an ak fòs de lòd lokal yo ki pral nan lari tout wikenn lan".

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Yon selebrasyon ka tounen yon bagay mòtèl nan yon bat je akòz yon chofè ki gen kapasite afebli oswa ki distrè. Si w pral selebre, tanpri fè sa yon fason responsab. Ede nou kenbe wout New York yo pami kèk wout ki pi sekirize nan peyi a lè w planifye davans. Pa bwè lè w pral kondwi epi chwazi yon chofè ki pa te konsome alkòl. Se yon chwa enpòtan ki ka sove lavi".

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a, Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Kondwi ak kapasite afebli se yon bagay ki ka evite a 100 pousan. Anvan ou pran wout pou w ale selebre, aji

yon fason responsab. Toujou gen yon plan pou rive lakay ou san danje san w pa mete tèt ou oswa lòt moun an danje. Etap senp sa yo pral ede kenbe wout nou yo an sekirite ak sove lavi".

Pandan kontwòl lapolis pou moun k ap kondwi ak kapasite afebli nan Fèt Sen Patrick ane pase a, lapolis Eta a te arete 381 chofè ki t ap kondwi anba enfliyans (DWI), yo te bay 754 kontravansyon pou chofè ki distrè dèyè volan ak 26,594 kontravansyon an total.

Moun k ap kondwi sou yo touye plis pase 11,600 moun chak ane nan peyi nou an. Yon moun chak 45 minit mouri akòz yon aksidan ki gen rapò ak alkòl. Se yon mwayèn 32 moun chak jou epi chak grenn lanmò sa yo te ka evite.

Lè ou chwazi kondwi anba enfliyans alkòl sa ka mete fen nan lavi w oswa nan lavi yon lòt moun. Pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a, si w chwazi bwè epi kondwi, ou ka ale nan prizon, pèdi lisans ou, to asirans ou ka vin pi elve, ak plizyè douzèn depans ki enprevi. Chaj ki gen rapò ak kondwi ak kapasite afebli mennen nan amann ki ka rive jiska 10,000 dola.

Lapolis Eta New York la ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (GTSC) a mande w pou w pran angajman pou w swiv etap fasil sa yo pou w ka jwi yon fèt an sekirite san w pa mete lavi an danje sou wout la.

- Anvan fèt yo kòmanse, planifye yon fason ki sekirize pou ou rantre lakay ou nan fen nwit lan.
- Anvan ou kòmanse bwè, chwazi yon chofè ki gen tèt klè epi kite kle machin ou lakay ou.
- Si ou gen kapasite afebli, itilize yon taksi oswa sèvis woulib pataje yo, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa anba enfliyans alkòl, oswa itilize transpò piblik pou w ka sèten w ap rantre lakay ou san danje.
- Si li disponib, itilize pwogram kondwi avèk tèt klè kominote ou a
- Mache anba enfliyans alkòl kapab danjere menm jan ak kondwi anba enfliyans alkòl. Chwazi yon zanmi ki pa sou pou mennen w lakay ou.
- Si ou remake yon chofè ki anba enfliyans alkòl sou wout la, rele depatman lapolis lokal la. Ou kapab sove yon lavi.

[Aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) (Gen Yon Plan) GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la disponib pou telefòn entèlijan Apple, Droid ak Windows. Aplikasyon an pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi ak kapasite afebli.

###